JW.ORG™
Tora nyaya iyi pawww.jw.org

Ungatsanangurira Sei Vamwe Zvaunotenda Panyaya Dzebonde?

‘Ziva mapinduriro aunofanira kuita munhu mumwe nomumwe.’—VaKorose 4:6.



1 ZIVA ZVAUNOTENDA

Nyora vhesi inotaura kuti Mwari anoti kudii nezvevanhu vanopinda pabonde vasati varoorana.

.....

Chinyora zvikonzero zvitatu zvaunofunga kuti zvakanakira kuti umire kupinda pabonde kusvikira waroora kana kuroorwa.

1 .....
.....
.....
.....
.....

2 .....
.....
.....
.....
.....

3 .....
.....
.....
.....
.....

www.jw.org © 2014 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 TSANANGURA ZVAUNOTENDA

Chokutanga edza kuona kuti sei wabvunzwa mubvunzo iwoyo.

Kana munhu wacho achiratidza kuti ari kukutsvinyira . . .

Ungamupindura sei?

.....

.....

.....

MUENZANISO: “Kana mumwe munhu akati: ‘Hausati wamborara nomukomana? Ko chii?’ Ndinomupindura kuti: ‘Chaita sei? Handina nhumbu, handina zvirwere zvinotapuriranwa pabonde, uye ndiri kufara nezvandiri!’ ”—Kathy.

Kana munhu wacho achiratidza kuti anoda kuziva . . .

Ivhesi ipi yaunonzwa wakasununguka kumuudza nezvayo?

.....

MUENZANISO: “Unoziva chii? Ndine zvakandinakidza pandaiverenga Bhaibheri. Unoda here kuti ndikuratidze? Ndeapa pana . . . ” (Verenga wotsanangura rugwaro rwacho.)

Ungamuratidza sei kuti kuteerera mirayiro yaMwari kunobatsira?

.....

.....

.....

MUENZANISO: “Kana ukapiwa chipo chinokosha, ungachipa mumwe munhu waunonyatsoziva kuti haazombochishandisi zvakanaka here?”—Corrine.

Ungamutsanangurira sei zvakajeka kuti Mwari haarambidzi kuti vanhu vaite bonde?

.....

.....

.....

MUENZANISO: “Kupinda pabonde chipo chatakapiwa naMwari. Asi Mwari anotiudzawo kuti tinofanira kushandisa chipo ichi nomunhu mumwe chete kureva kuti munhu watakaroorana naye. Pandichawana munhu iyeye ndoroorana naye ndipo pandichapedzisira kuva mhandara.” —Serena.

Kana uchida kunzwa zvimwe, enda paIndaneti pajw.org woverenga nyaya inoti “Vechiduku Vanobvunza Kuti—Ndingatsanangurira Sei Vamwe Zvandinotenda Panyaya Dzebonde?” (Tarisa pakanzi ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI > VARI KUYARUKA.)

www.jw.org © 2014 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania